

# Mifeprex® (Mifepristone)

tablet, 200 mg  
GID MEDIKAMAN

Konprime Mifeprex (MIF-eh-prex) (mifepristone) pou bwè nan bouch

Li enfòmasyon yo atantivaman anvav ou pran Mifeprex\* ak misoprostol la. Sa ap ede w konprann kòman tretman an fonksyone. Gid Medikaman sa pa ranplase diskisyon ak founisè swen sante w la.

## Ki enfòmasyon ki pi enpòtan mwen dwe konprann sou Mifeprex?

**Pou ki sentòm mwen dwe enkyete m?** Menm si krang ak senyman fè pati bagay yo atann pou fen gwochè la, men raman senyman, enfeksyon oswa lòt pwoblèm grav, ki menase lavi ka rive apre yon fos kouch, yon avòtman chirijikal, yon avòtman ak medikaman oswa yon akouchman. Nan sikostans sa yo, li enpòtan pou w chache swen medikal pi vit posib. Nan kèk ka ki pa anpil yon enfeksyon grav ka mennen lanmò. Pa gen okenn enfòmasyon ki montre itilizasyon Mifeprex ak misoprostol ka koze lanmò. Si ou gen kesyon, enkyetid oswa pwoblèm oswa si ou enkyè pou efè segondè yo, ou dwe kontakte founisè swen sante ou a. Ou ka ekri nimewo telefòn founisè swen sante ou a la \_\_\_\_\_.

## Asire w pou w kontakte rapidman founisè swen sante w la si ou gen youn nan bagay sa yo:

- Gwo Senyman.** Kontakte founisè swen sante ou a imedyatman si w ap senyen ase pou w tranpe de gwo sèvyèt ijyenik pa è oswa si ou pè pou w pa gen gwo senyman. Lakay 1 fanm sou 100, senyman ka anpil kote li nesesè pou gen yon entèvansyon chirijikal (aspirasyon chirijikal oswa D&C).
- Doulè Abdominal oswa "Sansasyon w Malad."** Si ou gen doulè abdominal oswa malèz oswa si ou gen "sansasyon w malad," Sa gen ladan feblès, anvi vomi oswa dyare ak oswa san fyèv pandan plis pase 24 è apre w fin pran misoprostol la, ou dwe kontakte founisè swen sante ou a san delè. Sentòm sa yo ka siy yon enfeksyon grav oswa lòt pwoblèm (tankou gwochè ekstra iterin oswa deyò matris la).
- Fyèv.** Nan jou apre tretman yo, si ou gen yon fyèv 100.4°F oswa pi wo ki dire plis pase 4 è, ou dwe kontakte founisè swen sante ou a imedyatman. Fyèv ka yon siy yon enfeksyon grav oswa lòt pwoblèm.

## Si ou paka jwenn founisè swen sante ou a, ale nan sal ijans ki pi pre ou a.

**Kisa pou w fè si ou toujou ansent apre tretman ak Mifeprex ansanm ak misoprostol la.** Si ou toujou ansent, founisè swen sante ou a ap pale ak ou sou yon pwosedi chirijikal pou ou mete fen a gwochè la. Nan anpil ka, pwosedi chirijikal sa ka fèt nan kabinè/klinik lan. Yo pa konnen ris malfòmasyon konjenital yo sizoka w ta deside pa mete fen a gwochè la ankò.

**Pale ak founisè swen sante ou a.** Anvan ou pran Mifeprex, ou dwe li Gid Medikaman an epi ou menm ak founisè swen sante ou a dwe diskite de avantaj ak ris itilizasyon Mifeprex genyen.

## Kisa Mifeprex ye?

**Yo itilize Mifeprex nan yon plan ak yon lòt medikaman sou preskripsiyon ke yo rele misoprostol pou mete fen ak gwochè ki pa gen anpil tan.**

Gwochè ki pa gen anpil tan vle di 70 jou (10 semèn) oswa mwens depi dènye règ ou a. Mifeprex pa apwouve pou mete fen ak gwochè ki gen plis tan. Mifeprex bloke yon òmòn gwochè la bezwen pou li kontinye. Lè ou itilize Mifeprex nan jou 1 an, ou bezwen pran tou yon lòt medikaman yo rele misoprostol 24 oswa 48 è aprè ou fin pran Mifeprex la pou rann gwochè la soti nan matris la.

Anbriyon an gen tandans pou soti nan matris la nan 2 a 24 è apre ou fin pran Mifeprex ak misoprostol la. Lè anbriyon an soti nan matris la, w ap gen krang ak senyman ki ap gen tandans vini plis pase lè w abitye gen règ. Anviwon 2 a 7 fanm sou 100 k ap pran Mifeprex ap bezwen entèvansyon chirijikal paske anbriyon an pa fin sòti net nan matris la oswa pou kanpe senyman an.

## Kiyès ki pa dwe pran Mifeprex?

### Gen kèk fi ki pa dwe pran Mifeprex. Pa pran Mifeprex si ou:

- Gen yon gwochè ki gen plis pase 70 jou (10 semèn). Founisè swen sante ou a ka fè yon egzamen klinik, yon ekografi oswa lòt tès pou detèmine nan ki pwen gwochè ou a ye.

Èske ou itlize dispozitif oswa sistèm entra iterin (IUD, intrauterine device or system). Li dwe retire anvan ou kòmanse pran Mifeprex.

- Founisè swen sante ou a te di w ou gen yon gwochè deyò matris la (gwochè ekstra iterin).
- Gen pwoblèm nan glann sirenal ou (ensifizans sirenalyèn kwonik).
- Ap pran yon medikaman pou dilye san w.
- Gen pwoblèm senyman.
- Gen pofiri (porphyria).
- Ap pran kèk medikaman estewoyid.
- Alèjik ak mifepristone, misoprostol, oswa medikaman ki gen misoprostol tankou Cytotec oswa Arthrotec.

Mande founisè swen sante w la si ou pa sèten de tout pwoblèm medikal ou yo anvan ou pran medikaman sa pou w konnen si ou ka pran Mifeprex.

## Kisa mwén dwe di founisè swen sante a anvan mwén pran Mifeprex?

### Anvan ou pran Mifeprex, di doktè ou a si ou:

- pa ka fè swivi pandan 7 a 14 jou anviwon apre premye vizit ou a.
- ap bay tete. Mifeprex ka pase nan lèt matènèl la. Yo pa konnen efè plan Mifeprex ak misoprostol sou timoun k ap bwè lèt la ak sou pwodiksyon lèt la.
- ap pran medikaman tankou preskripsyon sou òdonans oswa an vant lib, vitamin ak sipleman a baz plant. Mifeprex ka entèraji ak kèk lòt medikaman si yo pran yo ansanm. Sa ka gen efè segondè.

## Kòman mwén dwe pran Mifeprex?

Se yon founisè swen sante k ap ba w Mifeprex nan yon klinik medikal oswa lopital.

- Ou menm ak founisè swen sante w la ap planifye kote ki pi apwopriye a pou w pran misoprostol paske li ka ba w senyman, kramp, dyare ak lòt sentom ki jeneralman kòmanse nan 2 a 24 è apre ou fin pran l.
- Pifò fanm yo ap pèdi anbriyon an nan 2 a 24 è apre yo fin pran konprime misoprostol la.

### Swiv enstriksyon ki anba a sou kòman pou w pran Mifeprex ak misoprostol:


#### Mifeprex (1 konprime) vwa oral + misoprostol (4 konprime) nan bouch

##### Jou 1:

- Pran 1 konprime Mifeprex pa vwa oral.

##### 24 a 48 è apre ou fin pran Mifeprex:

- Pran 4 konprime misoprostol kote w ap mete 2 konprime nan chak bò machwè (zòn ant dan w ak machwè w—gade Imaj A a) pandan 30 minit, epi vale tout sa ki rete a ak yon vè dlo oswa lòt likid.
- Medikaman an ka pa fonksyone byen si ou pran misoprostol la anvan 24 è oswa pita pase 48 è aprè Mifeprex la.
- Misoprostol souvan lakoz kramp, anvi vomi, dyare ak lòt sentom. Founisè swen sante w la ka voye w lakay ou ak medikaman pou sentom sa yo.



Imaj A (2 konprime ant machwè goch la ak jansiv la epi 2 konprime ant machwè dwat la ak jansiv la).

## **Evalyasyon swivi ant jou 7 a 14:**

- Evalyasyon pou swivi sa enpòtan anpil. Ou dwe fè swivi ak founisè swen sante ou a anviwon 7 a 14 jou apre ou fin pran Mifeprex pou w asire w ou anfòm epi ou te gen senyman epi anbriyon an sòti nan matris ou.
- Founisè swen sante ou a ap evalye si anbriyon an sòti nan matris la. Yo pa konnen si gen posibilité pou gen malfòmasyon konjenital si gwochès ou a toujou la. Si ou toujou ansent, founisè swen sante ou a ap pale ak ou sou yon pwosedi chirijikal pou ou mete fen a gwochès la.
- Si gwochès ou a kanpe men li pa konplètman soti nan matris ou, founisè ou a ap pale ak ou sou lòt chwa ou genyen, tankou ret tann, pran yon lòt misoprostol oswa sibi yon entèvansyon chirijikal pou vide matris la.

## **kilè mwen dwe kòmanse itilize kontraseptif?**

Ou ka retonbe ansent imedyatman apre fen gwochès ou a. Si ou pa vle vin ansent ankò, kòmanse itilize kontraseptif imedyatman gwochès ou a fini oswa anvan ou rekòmanse gen rapò seksyèl ankò.

## **Kisa mwen dwe evite pandan m ap pran Mifeprex ak misoprostol?**

Pa pran okenn medikaman sou preskripsyon oswa an vant lib (sa gen ladan l plant medisinal ak sipleman) a okenn moman pandan peryòd tretman an san w pa pale anvan ak pwofesyonèl swen sante ou a paske li ka entèraji ak tretman an. Mande founisè swen sante w la ki medikaman ou ka pran pou doulè ak lòt efè segondè yo.

## **Ki efè segondè posib Mifeprex ak misoprostol genyen?**

**Mifeprex ka lakoz efè segondè grav. Gade "Ki enfòmasyon ki pi enpòtan mwen dwe konprann sou Mifeprex?" Kramp ak senyman.** Yo atann ak kramp ansanm ak senyman vajinal ak tretman sa. Jeneralman, sentòm sa yo vle di tretman an fonksyon. Men pafwa ou ka gen kramp ak senyman vajinal epi ou toujou ansent. Se pou sa ou dwe fè suivi ak founisè swen sante ou a anviwon 7 a 14 jou apre ou fin pran Mifeprex. Gade "Kòman pou m pran Mifeprex?" pou plis enfòmasyon sou evalyasyon pou swivi yo. Si ou pako senyen apre ou fin pran Mifeprex, ou pral pwobableman senyen apre ou fin pran misoprostol, medikaman ou pran 24 a 48 è apre Mifeprex la. Senyman oswa bay san tankou lè w gen règ la ka dire an mwayèn 9 a 16 jou epi ka dire jiska 30 jou. Senyman ou yo ka menm jan oswa plis pase règ ki vini anpil nòmalman. ou ka wè boul san ak tisi. Se yon bagay yo atann nan eliminasyon gwochès la.

Efè segondè ki pi komen yo nan tretman ak Mifeprex la se :anvi vomi, feblès, fyèv/frison, tèt fè mal, dyare ak etoudisman. Founisè ou a ap di ou, kòman pou w jere doulè ak lòt efè segondè yo. Sa yo pa tout efè segondè posib pou Mifeprex.

Rele founisè swen sante ou a pou w ka jwenn konsèy medikal sou efè segondè ki deranje w yo oswa ki pa vle kanpe yo. Ou ka rapòte efè segondè yo nan FDA nan 1-800-FDA-1088.

## **Enfòmasyon jeneral sou sekirite ak efikasite itilizasyon Mifeprex.**

**Pafwa yo preskri medikaman pou lòt objektif ke sa yo site nan Gid Medikaman yo. Gid Medikaman sa rezime enfòmasyon ki pi enpòtan sou Mifeprex. Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon, pale ak founisè swen sante ou a. Ou ka mande founisè ou a enfòmasyon sou Mifeprex ki ekri pou pwofesyonèl sante yo.**

**Pou plis enfòmasyon sou Mifeprex, ale nan [www.earlyoptionpill.com](http://www.earlyoptionpill.com) oswa rele 1-877-4 Early Option (1-877-432-7596).**

Fabrike pa:



Danco Laboratories, LLC • P.O. Box 4816 • New York, NY 10185  
1-877-4 Early Option (1-877-432-7596) • [www.earlyoptionpill.com](http://www.earlyoptionpill.com)